

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Ajén Kaagamaan dina “Wawacan Samaun” (Ulukan Filologi)”. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif-analisis anu mangrupa salah sahiji métode dina panalungtikan kualitatif. Téhnik anu digunakeun nya éta téhnik studi pustaka. Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan déskripsi Wawacan Samaun, hasil édisi téks Wawacan Samaun, jeung ajén kaagamaan dina Wawacan Samaun. Dina ieu bab dipedar kacindekan-kacindekan anu dicangking tina ieu panalungtikan.

Wawacan Samaun mangrupa salasahiji naskah Sunda buhun nu aya di tatar Sunda. Naskah Wawacan Samaun nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta naskah milik Bapa Ahidin nu alamatna di Kampung Samarang Desa Linggamanik Kecamatan Cikelet Kabupaten Garut. Dina naskah ditulis yén nu nyalin naskah ngaranna Utama nu alamatna di Sindang Rasa Désa Ngamplang Kecamatan Cilawu Kabupaten Garut. Naskah Wawacan Samaun ditulis dina kertas pabrik ukuran 21 x 15,5 Cm. ditulis dina basa Sunda maké aksara Arab Pégon. Kandel naskahna aya 63 kaca, kaca hijina leungit tapi teu mangaruhan kana eusi wawacan.

Wawacan Samaun nyaritakeun ngeunaan kagagahan, kawani, jeung kaperkosaanna Samaun nu hirup dina jaman Nabi Muhammad. Samaun dicaritakeun mangrupa jalma anu gedé kawanina sanajana umurna ngora kénéh, Samaun geus bisa ngéléhkeun kapir-kapir anu jumlahna rébuan.

Dina hasil édisi téks aya 20 kecap dina naskah Wawacan Samaun anu teu sarua jeung éjahan basa Sunda kiwari. Dina nyusun édisi téksna, éta 20 kecap téh dirobah disaluyukeun jeung éjahan basa Sunda dumasar *Palanggeran Éjahan Basa Sunda*. Kecap-kecap anu dirobah dina naskah Wawacan Samaun lolobana mangrupa kecap anu dua engang atawa leuwih nu diwangun ku hiji sora vokal sok ditambahan ku maké konsonan  $\zeta$  (y) atawa  $\omega$  (w), contona dina naskah ditulis *tuwan* jadi *tuan*, *sowara* jadi *soara*, *sadiya* jadi *sadia*, jrrd.

Ajén kaagamaan anu kapanggih dina Wawacan Samaun nya éta ajén kaagamaan dumasar kana dasar-dasar agama Islam. Ajén-ajénna nya éta: 1) ancaman pikeun jalma kapir; 2) hukum jalma nu maéhan; 3) jihad/perang di jalan Allah; 4) solat tahajud; 5) larangan jinah jeung hukuman pikeun nu jinah; 6) kautaman maca Al-quran; 7) iman kana qodo jeung qodar ti Allah; 8) paréntah kudu asup Islam; 9) kautamaan muji ka Allah; 10) kautamaan ménta tulung ngan ka Allah; 11) kautamaan dikir ka Allah; 12) maca solawat ka Nabi; 13) ngamulyakeun Nabi; 14) kautamaan maca salam; jeung 15) babakti jeung hurmat ka Indung-Bapa.

### **6.1 Saran**

Dumasar hasil analisis anu geus ditétélakeun di luhur, aya sababaraha saran ti panulis ka nu maca, di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Masarakat Sunda henteu saukur maca jeung wanoh kana karya sastra modern, tapi kudu maca jeung wanoh kana karya sastra buhun.
- 2) Ajén kaagamaan anu aya dina karya sastra buhun perlu dilarapkeun kana kahirupan sapopoé sarta diwariskeun ka unggal generasi.
- 3) Ieu panalungtikan ngan nalungtik jeung ngabahas ngeunaan édisi téks jeung ajén kaagamaan dina Wawacan Samaun. Ku kituna, kudu aya panalungtikan satuluyna sangkan pangaweruh ngeunaan ieu wawacan bisa leuwih lengkep.